

RUWATAN

Wonten tiyang Jawi ingkang gadhah kapitadosan bilih ing babagan tartamtu wonten kemawon sengakalanipun (sambekalanipun, pepapalangipun, utawi sukretanipun) pramila lajeng wonten tradhisi ruwatan. Ruwatan tegesipun ngruwat kange ngicali sukreta (sesuker utawi sial) utawi mbucal sial satemah gesangipun ayem, tentrem, kalis saking nasib sial utawi awon.

Saleresipun inti ruwatan inggih menika ndedonga utawi nyenyuwun dhumateng Gusti Allah amrih paring rahmat saha berkah satemah kahanan sae, ayem tentrem, kalis saking bancana/rubeda, murah sandhang pangan, kahanan adhem ayem, gesang adil makmur, kalis saking sambekala.



Ruwatan massal wonten ing Kulon Progo

Ruwatan katindakaken kanthi pribadi utawi kanthi sesarengan (missal). Tumrap tiyang kuwawai beyanipun ruwatan katindakaken pribadi. Dene amrih entheng ing beya ruwatan ugi saged katindakaken missal. Malah samenika wonten instansi-instansi ingkang nindakaken ruwatan missal kadosta Javanologi, Jarahnitra, saha Yasayan Tamansiswa.

A. Sukerta

Ingkang dipunruwat inggih menika, lare, bumi, kahanan, ingkang nandhang sukerta. Pramila lajeng wonten ruwatan putra, ruwat bumi, ruwat kahanan, malah samenika wonten ruwatan jabatan/kalenggahan, ruwatan politik, lan sapanunggilanipun supados ayem tentrem, adil makmur, tansah manggih rahayu basuki (ingkang pitados). Kosok wangsulipun, menawi boten dipunruwat, lare, bumi, kahanan, kalenggahan, politik, negari tansah manggih sial, kirang prayogi, nandang sakit, boten tentrem, lsp.

1. Ruwat Manungsa

- Ing ngandhap menika para putra ingkang dipunruwat.
- (1) ontang-anting : putra jaler namung setunggal tunggal boten gadhah sedherak
 - (2) Unting-unting : putra setri setunggal boten gadhah sedherek
 - (3) gedhana-gedhini : putra kalih kakung saha putri
 - (4) gedhini-gedhana : putra kalih putri saha kakung
 - (5) uger-uger lawang : putra kalih kakung sedaya
 - (6) kembang sepasang : putra kalih setri sedaya
 - (7) pendhawa/pancala putra: putra gangsal kakung sedaya
 - (8) pancala putri : putra gangsal setri sedaya
 - (9) Pandhawa madhangake : putra 4 jeler, 1 setri
 - (10) Pandhawa apil-apil / pipilan : putra 1 jaler, 4 setri
 - (11) ngayomi : putra gangsal putrid sedaya
 - (12) julungcaplok/pujud : anak alir nalika angslup srengenge
 - (13) julungkembang : anak lair nalika pletheking srengenge
 - (14) julungsungsang/pangayam-ayam: anak lair nalika pas bedhug
 - (15) kembar : putra lahir langkung saking setunggal kakung utawi putri
 - (16) dhampit : putra kakung – putri/putri – kakung lair meh sesarengan (1 dinten)
 - (17) sendhang kapit pancuran: putra jaler-putri-jaler
 - (18) pancuran kapit sendhang: putra setri –jaler- setri
 - (19) saramba : putra sekawan jaler sedaya
 - (20) sarimpi : putra sekawan setri sedaya
 - (21) tiba sampir : anak lair kalung usus
 - (22) jempina : anak lair dereng wanci (prematur)
 - (23) margana : anak lair wonten margi/tindakan
 - (24) wahana : anak lair nalika wonten pergelaran wayang
- kulit ing dhusun kasebat (limrahipun
lajeng dipunangkat anak dhalang, sarta
dipunsukani nama)

- (25) bungkus / wungkus : anak lair bungkus
- (26) wangle : anak lair bule
- (27) kresna : anak lair ireng mulus
- (28) wungkul : anak wungkuk wiwit lair
- (29) wujul : anak cebol
- (30) rambut gimbal : lare gadhah rambut gimbal
- (31) tiyang adang ngrubuhaken dandang
- (32) tiyang mipis jamu nyoclekaken gandhik
- (33) tiyang mangun griya kesupen masang tutup keyong
- (34) tiyang ngethok pring tanpa ros (bolong) boten dipunpecah
- (35) tiyang sisik-sisik, siladanipun boten dipuntangsuli dados setunggal
- (36) tiyang nylumbat klama, linggis/slulmbatipun boten
dipuntumbuhaken.

2. Ruwat Bumi utawi negari

Ruwat bumi dipuntindakaken menawi wonten kahanan (1) kathah dahru utawi bancara (nyegah) dan (2) kepengin kalis saking bancana (uwal saking bancana). Kahanan ingkang sepisan bumi dereng dumados dahru. Supados kalis saking dahru katindakaken ruwat bumi kanthi pangajab warga kalis saking dahulu, kasil panen kanthi sae, wulu wetu bumi kathah malimpah. Dene ingkang kaping kalih, bumi sampun kenging dahru upaminipun banjir, ama wereng, pagebluk, gunung jebluk, segara umub, Isp. Salajengipun katindakaken ruwat bumi amrih bancana ical, satemah kalis saking bancana, panen saged kasil kanthi sae, kalis saking pagebluk, Isp. Ruwat bumi limrahipun katindakaken kadang tani supados panen saged kasil kanthi sae, kalis saking ama taneman, murah sandhang boga, gemah ripah loh jinawi, samya subur kang samya tinandur, murah kang samya tinuku.

3. Ruwat Politik

Wonten-wonten kemawon tiyang ada-ada damel ruwatan politik. Sedaya kalawau kadayan kahanan politik boten sae, kathah pengangguran, kathah korupsi, KKN : korupsi, kolusi, nepotisme, kathah dhemonstrasi, ekonomi mandheg, invenstasi anjlog, larang sandhang pangan, angel

pedamelan, rebutan kalenggahan politis, lsp. Kahanan menika lajeng wonten ingkang nindakakaken ruwatan negari.

Ancasing ruwatan negari supados kahanan ing nginggil ical gantos kahanan ingkang ngremenaken negara ingkang ayem, tentrem, adil makmur, ekonomi negari tuwuhan kanthi sae, investasi kathah satemah gampil damel saha pados pedamelan, rakyat boten kekirangan sandhang pangan, tiyang miskin saged langkung sekece gesangipun awit gampil pados sandhang pangan, politik adhem ayem, tembayatan kaliyan manca negari tuwuhan kanthi sae, devisi negari saya mindhak, income perkapita pendhuduk saya mindhak.

B. Murwakala

Limrahipun tiyang Jawi nindakaken ruwatan kanthi nanggap wayang utawi pagelaran wayang purwa kanthi lampahan Murwakal dening dhalang Kandha Buwana. Kacariyos ing wanci sonten ingkang endah nengsemakan Bathara Guru saha Dewi Uma (garwanipun) mider bawana (mabur) kanthi nitih Lembu Andini. Ing wanci sonten sumamburating srengenge sang Dewi katingal sakalangung sulistya, endahing warni. Kasulistyaning sang Dewi Uma nggugah rasa satemah tuwuhan kanepsoning kama, nanging sang Dewi nduwa awit dede wanci saha papanipun. Bathara Guru tetep meksa, nalika kama hamiji, sang Dewi nduwa satemah kama dhawah ing samodra. Anehipun kama manjalma dados raseksa ageng lajeng dipunsukani nama Bathara Kala. Kala ateges wohing kama ingkang salah mangsa (wekdal).

Kala tuwuhan dados raseksa ageng ingkang remen mangsa manungsa. Awit mangsanipun kathah, Bathara Guru lajeng nyerat mantram wonten ing dhadhanipun Bathara Kala. Sinten ingkang saged maos mantram kalawau kedah dipunanggep ramanipun Kala. Ingkang saged maos mantram boten kenging dipunmangsa sanadyan taksih lare. Nanging ingkang kamangsa tansaya kathah.

Bathara guru lajeng utusan dhateng Bathara Wisnu, Bathara Narada, saha Bathara Brahma mandhap ing bumi kangge nduwa patraping kala. Bathara Wisnu sesinglon dados dhalang Kandha Buwana. Bathara Narada dados panjak, Bathara Brahma dados penabuh gender.

Kacariyos wonten randha nama Sumawit saking dhusun Medhang Kawit. Mbok Randha Sumawit gadhah putra rumaja nama Jaka Jatusmati. Amargi Jaka

Jatusmati menika putra tunggal, lajeng dipunutus adus wonten Talaga Madirda. Awit tansah mituhu dhateng tiyang sepuh, Jaka lajeng bidhal dhateng Talaga Madirda. Ing talaga Jaka Jatusmati pinanggh Bathara Kala. Bathara Kala kasdu mangsa sebab Jaka Jatusmati putra ontang-anting (sukerta).

Jaka Jatusmati mlajar, Kala ugi tansah ngoyak plajaripun Jaka. Jaka ndhelik wonten griya ingkang nembe kadamel. Awit kangege udreg-udregan, griya lajeng ambruk. Jaka mlajar wonten griya tiyang ingkang nembe damel jampi. Jaka mlajar malah nyandhung pipisan lajeng tugel. Jaka ndhelik ing dhapur, wonten tiyang nembe adang, dandang ketunjang ngglimpang. Jaka mlajar medal nanging sukunipun kagubet wit waluh satemah dhawah. Jaka terus mbudidaya uwal lajeng mlajar terus-terusan.

Ing papan sanes, Dususn Mdhang Kamulan Ki Buyut Wangkeng gadhah putra putrid tunggal (unting-unting) nama Rara Pripih. Rara Pripih dipunikahaken nanging boten saged rukun. Lajeng nyuwun dipunruwat. Ki Buyut madosi dhalang Kandha Buwana. Rara Pripih dipunruwat, Jaka Jatusmati ugi nonton wayang lajeng dipunruwat sekaliyan.



Pak Dalang memainkan wayang Batara Kala

Bathara Wisnu maos mantram ing jajanipun Kala. Satemah Kala nglumpruk tanpa daya otot bebayunipun kados dipunlolosi. Bathara Kala kawon dening ki Dhalang Kandha Buwana. Bathara Kala kaparentah dening Ki Dhalang Kandha Buwana supados mapan wonten alas Krendhawahana. Kala sarujuk saha sendika sedaya dhawuhipun dhalang Kandha Buwana. Dhalang Kandha Buwana dhawuh bilih (1) ingkang saged dipunmangsa dening Kala inggih namung lare utawi tiyang sukerta saha (2) tiyang sukerta ingkang sampun dados anak angkat Ki Dalang Kandha Buwana boten kenging

dipunmangsa. Pangangkating putra kanthi nindakaken ruwatan Murwakala dening Ki Dalang Kandha Buwana. Tegesipun lare utawi tiyang ingkang sampaun dipunruwat kalis saking mangsane Bathara Kala. Pangruwatipun kanthikawaosaken mantram ruwat Aji Santi Puja Mantra, saha nigas rikamnipun lare utawi tiyang sukerta kalajengaken siraman sekar sematan sarta dipunpungkasi nglarung busananipun tiyang sukerta. Limrahipun ingkang dipunruwat ngagem busana sarwa seta.



<http://ki-taryono.blogspot.com/2009/>

Kala ugi nyuwun Aji Santi Puja Mantra. Ki Dalang Kandha Buwana ngabulaken malah dipunsuceni kanthi siraman kembang sri taman. Saderengipun dhateng wana Kala nyuwun srana alat-alat tetanen, asil bumi, alat masak/dhapur, raja kaya kados lembu, kebo, menda, ayam, bebek, banyak, peksi, dara, nyamping/jarik, panganan, bantal klasa, kembul.

C. Piwulang Ruwatan Murwakala

Ruwatan temtu maknani tumrap tiyang Jawi.

1. Adhedhasar cariyos lairing Bathara Kala, bilih saresmi menika sampaun ngantos lelandhesan hardening kanepson amrih tuwuuh putra ingkang gadhah bebuden luhur
2. Srana ingkang kasuwun Bathara Kala nalika badhe mapan wonten wana awujud sarana gesanging manungsa, tetaten, utawi kabetahaning gesang manungsa. Menika ngemu makna bilih tiyang gesang

mbetahaken sarana amrih gesang ingkang saged manggih kamulyan, bekti dhateng ibu pretiwi amrih ibu pretiwi paring wulu wetu ingkang migunani.

3. Dhalang Kandha Buwana saged ngawonaken Bathara Kala utawi ngruwat kanthi kawicaksanan, kawaskithan, kawegigan, kekendelan. Manungsa ingkang mekaten ingkang badhe mimpang (mulya) ing gesang bebrayan.
4. Busana sarwa seta ingkang kaagem lare/tiyang sukerta minangka pratandha bilih tiyang gesang amrih kalis saking bebaya kedah linambaran kanthi sucining manah.
5. Upacara ruwatan katindakaken kanthi taliti, bener, saha pener, satemah saged ngicali sukerta mratandhani bilih amrih saged nggayuh gegayuhan, widagadaning ancas, sedaya pakaryan kedah katindakaken kanthi tewajuh, taliti, bener saha pener.
6. Linambaran mistis, tiyang ingkang kange siraman saking 7 sumber. Pitu ateges pitulungan, tiyang sukerta mugi tansah pikantuk pitulungan saking Gusti Allah menapa dene saking sasamnining titah.
7. Kanthi siniram saking 7 sumber, lare/tyang sukerta kaajab rahayu widada awit sampun dipunsirami saking toya saking 7 sumber. Sedaya bebaya dados tawar awit sampun siniram saking toya 7 sumber.
8. Angka 7 ugi pralambanging kiblat manut budaya Jawi. Pranyata leluhur rumiyin satuhu wegig. Sanajan kala semanten dereng wonten montor mabur, kapal selam. Namung samenika dados kasunyatan bilih tiyang kekesahan boten namung dhateng keblat kilen-wetan, elor-kidul, nanging ugi minggah-mandhap (nggegana-samodra), sarta tengah (pancer).

D. Ringkesan

Ruwatan katindakaken awit wonten paham lare utawi tiyang sukerta badhe mangsanipun Bathara Kala. Ruwatan katindakan kanthi nanggap wayang Dhalang Kandhabuwana. Tiyang utawi lare ingkang sampun karuwat kanthi pangajab ical sukertanipun, satemah saged manggaih kabegjan saha kamulyan. Ingkang kedah kagatosaken sedaya tansah linambaran niat ati suci sumendhe dhateng Gusti satemah kalis saking tumindak ingkang nalisir saking paugeraning Agami.

E. Pirembagan

1. Menapa sebabipun ingkang ngruwat tiyang utawi lare kedah Dhalang Kandha Buwana?
2. Tiyang ingkang damel griya kesupen pasang tutup keyong kalebet tiyang sukerta. Nalaripun menawi griya boten dipunsukani tutup keyong kathah sambekala antawisipun angin mlebet santen saged ndadosaken sakit ingkang gadhah griya, maling gampil mlebet, kucing, tikus ugi gampil mlebet. Kapadosna 10 tiyang/lare sukerta miwah andharan nalaripun?
3. Manut pamanggih panjenengan kados pundi panganggep sukerta saha ruwatan ing jaman modern menika?

DAFTAR PUSTAKA

Abdi Dalem Keraton Yogyakarta Labuhan di Parangtritis. 2010.
<http://www.antaranews.com/>

Javanologi. 2009. Lembaga Javanologi Yogyakarta Gelar Ruwatan.
<http://www.antaranews.com/>

Javanologi. 2010. Ruwatan Bersama XX Tahun 2010 Lembaga Javanologi Yogyakarta. <http://www.bpsnt-jogja.info/>

Arief, Yan. Prosesi Labuhan Alit Kraton Yogya di Parangkusumo.
<http://mycityblogging.com/>

<http://maskarebet.blogdetik.com/>

Kahyangan. 2010. <http://www.pariwisata.wonogirikab.go.id/>

Ki Taryono. 2009. Gaya Ruwat Ki Taryono. <http://ki-taryono.blogspot.com/>

Kurniawan, Yuda. 2009. Tradisi Labuhan Keraton Ngayogyakarta Hadiningrat sebagai Wujud Upacara Sakral sekaligus Usaha Pelestarian Budaya di Tengah Modernisasi. <http://yudakurniawan.multiply.com/>

Kurniawan, Yuda. 2010. Upacata Tradisi Labuhan Keraton NGayogyakarta Hadiningrat.<http://yudakurniawan.multiply.com/>

Labuhan Pantai Selatan .2005. <http://www.trulyjogja.com/>

Maskarebet. 2010. Mengenal Ruwatan.. <http://maskarebet.blogdetik.com/>

Negoro, Suryo S. The Labuhan Ceremony of Karaton Yogyakarta
<http://www.joglosemar.co.id/>

Pertapaan Kahyangan Dlepih. 2009. <http://chafidibnuabdillah.blogspot.com/>

Ruwatan Bumi Tamansiswa. 2010. <http://cahandong.org/>

Sudaryono. 2007. Labuhan Alit, Peringatan Ulang Tahun Raja
<http://www.indosiar.com/>

Suganda, Mawan. 2008. Ruwatan Kisah Mutwakala.
<http://mystys.wordpress.com/>

Waskita, Daru. 2010. Keraton Yogyakarta Gelar Labuhan Ageng di Pantai Parangkusumo . <http://trijayafmyogyakarta.com/>

Wijna. 2009. Ruwatan Massal di Kulon Progo. <http://wijna.web.id/>

Wulan, Mawar Kusuma. 2010. Adat Tradisi Ruwatan Sukerto Makin Diminati
<http://regional.kompas.com/>